# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 जुलाई 2025** **भोजपुरी समाचार**

बनारस में आयोजित दुइ दिन क युवा आध्यात्मिक शिखर सम्मेलन के उद्घाटन सत्र में आजु देस भर क सौ आध्यात्मिक अउर सामाजिक–सांस्कृतिक संगठनन क पांच सौ से बेसी युवा प्रतिनिधि हिस्सा लिहलें। येह मौका पर केन्द्रीय युवा कार्यक्रम अउर खेल मंत्री मनसुख मांडविया बरिस दुइ हजार सैंतालीस ले भारत के बिकसित देस बनवले के लक्ष्य के हासिल करे बदे नसामुक्त युवा के महातम पर जोर दिहलें। श्री मांडविया नागरिकन से देस के निरमाण के प्राथमिकता देवे अउर नसामुक्त भारत अभियान में सामिल भइले क अपीलि कइलें। उहां के सज्जो लोगिन से येह अभियान में अपने साथे कम से कम पांच नौजवानन के जोड़ले क सपथो लिहले क आवाहन कइलीं।

***प्रधानमंत्री जी ने कई बार अपने मन की बात में और सार्वजनिक कार्यक्रम में देश के युवा एडिक्शन से दूर रहे नशा मुक्त हो आने वाले दिनों में सरकार की ओर से तो प्रयास हो रहा है। एजुकेशन मिनिस्ट्री अपने ओर से प्रयास करता है, सांस्कृतिक विभाग अपने ओर से प्रयास करता है, राज्य सरकार अपने ओर से प्रयास करती है। हमें हमारे देश को विकसित भारत के सपने को साकार करने के लिए हमें युवा फॉर नशा मुक्ति विकसित भारत बनाना है।***

सम्मेलन के सम्बोधित करत केंद्रीय पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत कहलें कि बदलल समय में संस्था अउर नौजवानन क भागीदारी से नसा जइसन महामारी के दूर कइले में मददि मिली। सामाजिक न्याय अउर अधिकारिता मंत्री डॉ वीरेन्द्र कुमार कई गो कार्यक्रम अउर पहल के जरिया से नौजवानन में नसा क लत से मोकाबिला कइले क सरकार के कोसिसन के बारे में जनकारी दिहलें।

केंद्रीय गृह राज्य मंत्री नित्यानंद राय बनारस के आध्यात्मिक महातम क जिकिरि कइलें अउर सम्मेलन के दौरान साझा कइल गइल सनेसा के स्थाई परभाव पर जोर दिहलें। ई सम्मेलन काशी घोसणा पत्र जारी भइले के सथहीं बिहने पूरा हो जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आन्हीं–बरखा अउर ओला गिरले के देखत सम्बन्धित जिलन के अधिकारियन के पुरहर तत्परता से राहति कार चलवले क निरदेस दिहले हवें। उहां के कहलीं कि अधिकारी क्षेत्र क भ्रमण कइ के सर्वे करें अउर राहति कार पर नजरि रक्खें। आकासीय बिजुली, आन्हीं–तूफान अउर बरखा वाले आपदा से जनहानि आ पसुहानि भइले के हालति में जुरते परभावित लोगिन के राहति रासि बाटें। श्री योगी अधिकारियन के निरदेसित कइलें कि जल–जमाव क हालति भइले पर प्राथमिकता से पानी निकरले क इंतिजाम करावल जाए।

**********

इलेक्ट्रॉनिक्स अउर सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहले हवें कि देस में पहिला बुलेट ट्रेन बरिस दुइ हजार सत्ताइस में चलावल जाई। ई जनकारी उहां के आईआईटी–हैदराबाद में आजु आयोजित दीक्षांत समारोह के सम्बोधित करत दिहलीं। येह मौका पर उहां के ईहो घोसणा कइलीं कि देस`मं येह बरिस पहिला स्वदेसी सेमीकंडक्टर चिपो तइयार हो जाई।

**********

यमुना एक्सप्रेसवे पर आजु भिन्नहीं भइल दुइ गो अलगि–अलगि सड़कि दुरघटना में छौ जने क मउति हो गइल ओहिं ओन्नइस लोगि घाही हो गइलें। भिन्नहीं करीब तीनि बजे मथुरा जिला में यमुना एक्सप्रेस–वे के माइलस्टोन संख्या एक सौ चालीस के लग्गे एगो मिनी वैन ट्रक से लड़ि गइल। येह दुरघटना में छौ जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल, ओहिं दुइ जने गम्हिराहे घाही हो गइलें। अजुये भिन्नहीं एगो अउरियो राहि दुरघटना में सतरह बस यात्री घाही हो गइलें। ई दुरघटना भिन्नहीं चारि बजे तब भइल जब यमुने एक्सप्रेस–वे पर माइलस्टोन संख्या एक सौ एक्यावन के लग्गे दिल्ली से मध्य प्रदेस जा रहलि एगो यात्री बस पलटि गइलि। मथुरा क वरिष्ठ पुलिस अधीक्षक श्लोक कुमार बतवलें कि दुरघटना में घाही भइल लोगिन क इलाज करावल जा रहल हौ।

***पहला एक्सीडेंट 140 माइलस्टोन पर रात्रि तीन बजे इसमें चलती इको का सामने चल रहे ट्रक में जाकर घुस गई, संभवत ड्राइवर को नींद आने के चलते यह घटना हुई है। घायल को हॉस्पिटल में भर्ती कराया गया है। दूसरी घटना 151 माइलस्टोन पर रात्रि चार बजे के करीब यह घटना हुई, इसमें एक प्राइवेट बस है उसमें भी ड्राइवर को मोस्ट प्रोबेबली नींद आने के कारण यह बस ऑवर टर्न कर गई जिससे कि उसमें सवार लोग मध्य प्रदेश जा रहे थे। इसमें घायल हैं उनको अस्पताल में भर्ती कराया गया।***

**********

अजोध्या में श्रीराम मंदिर के परिसर क निरमाण कार दिसम्बर दुइ हजार पचीस ले पूरा हो जाई। ई जनकारी श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र दिहलें। समिति क एगो महत्वपूर्ण बइठकी से पहिले उहां के बतवलीं कि मार्च दुइ हजार छब्बीस ले सरधालुअन बदे संग्रहालय खोललहू क लक्ष्य रक्खल गइल हौ। श्री मिश्र बतवलें कि अगिला पनरह दिन के भित्तर मंदिर परिसर क चारि किलोमीटर लमहर बाउंडरी क देवालि क निरमाणो सुरू कइ दिहल जाई। एहमें नया जमाना क सुरक्षा उपकरण, सेंसर अउर वॉच टॉवर लगावल जाई।

**********